

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Salah sahiji kaparigelan nulis nu kudu dikawasa ku siswa nya éta kamampuh nulis éséy. Nurutkeun Kuncoro (2009, kc. 29) éséy nya éta hiji komposisi prosa singget nu ngébréhkeun opini panulis ngeunaan subjék nu tangtu. Siswa kudu ngawasa tata basa, mampuh nangtukeun ide atawa gagasan, jeung siswa bisa ngébréhkeun pamadegan kalawan sistematis tur ngagunakeun basa anu merenah nalika dibaca ku batur. Kamampuh nulis éséy teu bisa dicangking kitu waé, tapi kudu ngaliwatan prosés pangajaran jeung latihan. Ku kituna, guru kudu miboga modél, métode, téhnik jeung média pangajaran anu hadé sangkan pangajaran nulis éséy miboga tatapakan anu luyu jeung udagan.

Dina ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy, guru kudu mampuh milih modél pangajaran. Salah sahiji modél pangajaran anu bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa nulis éséy nya éta modél *Writing Workshop*. Modél pangajaran *Writing Workshop* penting dikawasa ku guru, sabab mangrupa salah sahiji modél pangajaran nu cocok pikeun mantuan siswa dina ngaronjatkeun kamampuh nulis.

Masalah anu karandapan ku siswa dina nulis éséy salah sahijina nya éta ngamimitian nulis, lantaran dina mimiti nulis mikabutuh kaparigelan nangtukeun ide atawa gagasan. Masalah siswa kurang parigel dina ngagunakeun éjahan sarta dina ngadalitkeun atawa ngaluyukeun paragraf hiji jeung paragraf saterusna. Salian ti éta, pangaweruh siswa ngeunaan kandaga kecap basa Sunda téh kawilang kurang. Éta hal nu ngalantarankeun kurangna minat siswa dina nulis éséy maké basa Sunda. Sangkan siswa nyangking kaparigelan nulis éséy, siswa kudu mibanda pangaweruh ngeunaan unsur-unsur katatabasaan. Dina nulis éséy téh diperlukeun ayana hubungan kohési jeung kohérénsi antara kalimah hiji jeung kalimah séjénna, antara paragraf nu hiji jeung paragraf saterusna, nepi ka jadi hiji karangan anu alus sarta gembleng. Ku lantaran kitu, pangajaran nulis éséy dianggap pangajaran anu hésé ku siswa.

Salian ti pasualan nu dipedar saméméhna, pangajaran basa Sunda kiwari ngalaman masalah séjén, di antarana pangajaran basa Sunda teu dipikaresep ku siswa lantaran pangajaranna teu ngirut atawa *monoton*, kaparigelan guru nu kawatesanan, antukna pola diajar teu *inovatif*, jeung kaayaan sosial nu teu ngadukung kana prosés pangajaran. Lolobana guru basa Sunda, dina ngajarkeun nulis ngagunakeun métode ceramah. Padahal kaparigelan nulis téh kaasup kana kaparigelan produktif, lantaran maké métode anu salah, antukna pangajaran ngeunaan nulis ngalaman masalah, hal anu dijadikeun indikator dina pangajaran nulis teu kahontal. Jadi guru basa Sunda ngalaman kawatesan dina pamahamanana.

Masalah-masalah nu geus dijéntrékeun di luhur kudu gancang diréngsékeun, sabab lamun ieu masalah diantep kitu waé, tangtuna pangajaran basa Sunda di sakola bakal terus ngalaman masalah, contona waé saupama pangajaran basa Sunda moal dipaliré ku siswa, tur siswa moal ngarasa butuh kana ieu pangajaran. Pikeun ngungkulan masalah nu kaalaman ku siswa dina pangajaran nulis, guru kudu parigel dina milih jeung nyaluyukeun modél pangajaran kana materi unggal kompetensi dasar.

Dina kagiatan diajar ngajar aya hiji sistem anu minangka beungkeutan anu silih deudeul jeung silih rojong kana prosés pangajaran nya éta, tujuan, bahan, média, stratégi pangajaran, modél pangajaran, jeung évaluasi. Upama bahan pangajaran hayang katepikeun ka siswa tangtu kudu miboga tujuan anu jelas, lian ti éta kudu ditepikeun kalawan ngagunakeun modél anu loyog sangkan matéri atawa bahan ajar bisa katepikeun ka siswa kalayan gampang jeung bisa dicangkem ku siswa. Kondisi kelas nu ngirut bakal ngarojong kreativitas siswa dina nulis éséy. Ku kituna, siswa mikabutuh suasana anu dinamis jeung variatif. Lebah dieu modél pangajaran jadi pamiangan anu sakuduna terus dipaké jeung dimekarkeun ku guru, luyu jeung lingkungan diajar siswa.

Joyce & Weil dina Rahman (2012, kc. 1) nétélakeun yén modél pangajaran téh nya éta hiji rarancang anu dipaké dina nyusun kurikulum, ngatur matéri pangajaran, jeung méré pituduh ka guru di kelas dina setting pangajaran atawa settingan lianna.

Dumasar wangenan di luhur, modél pangajaran miboga kalungguhan nu penting pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Ku kituna, pikeun ngungkulan pasualan-pasualan di luhur, perlu ayana modél pangajaran anu luyu jeung materi ngeunaan pangajaran nulis, utamana nulis éséy. Modél pangajaran dipiharep jadi pamiangan pikeun ngungkulan masalah kurangna kamampuh nulis éséy. Pangajaran nulis éséy ngagunakeun modél *Writing Workshop* dipiharep siswa bisa leuwih bebas ngébréhkeun ide atawa gagasan jeung ngarojong siswa sangkan miboga pamahaman nu leuwih jembar ngeunaan matéri nu aya. Nurutkeun Dorn & Soffos dina Abidin (2015, kc. 199) *Writing Workshop* nya éta hiji wilayah tempat siswa diajar proses nulis sangkan siswa bisa ngarencanakeun, ngaorganisasikeun jeung ngébréhkeun tulisanna ngaliwatan kasayagaan waktu nu sacukupna ku guru. Dina ieu modél, siswa dilatih nulis sacara *intensif* ngaliwatan sababaraha tahap, ti mimiti guru nerangkeun éta modél nepi ka siswa bisa nyieun tulisan kalawan alus. Tangtuna ieu hal téh ngaliwatan prosés anu lumayan panjang jeung ngabutuhkeun bingbingan ti guru.

Panalungtikan ngeunaan modél *Writing Workshop* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis kungsi ditalungtik saméméhna. Panalungtikan skripsi Resti Tandiani Utami taun 2011 anu judulna “Éféktivitas Modél *Writing Workshop* dina pangajaran Kamampuh Nulis surat resmi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX C SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2010/2011)” éta panalungtikan dilarapkeun dina pangajaran nulis surat resmi. Aya ogé nu dilarapkeun dina karangan eksposisi, ditalungtik ku Feni Ritasari taun 2013 dina skripsi anu judulna “Modél *Writing Workshop* pikeun ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Eksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung Taun Ajar 2012/2013)”. Aya deui panalungtikan nu dilakukeun ku Intan Firdausi Aprilian taun 2014 anu judulna “Éféktivitas Modél *Writing Workshop* dina Pangajaran Nulis Karangan Deskripsi (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP N 14 Kota Sukabumi Taun Ajaran 2013/2014)” éta panalungtikan dilarapkeun dina pangajaran nulis karangan deskripsi. Enas-enasna yén ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop* téh bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina mata pelajaran basa Sunda anu materina nulis karangan deskriptif, nulis karangan eksposisi, jeung nulis surat resmi.

Panalungtikan anu dilaksanakeun ku panalungtik béda jeung sababaraha panalungtikan di luhur. Bédana nya éta dina udagan anu rék dironjatkeun ngaliwatan modél *Writing Workshop* dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis éséy. Tina sababaraha panalungtikan nu geus aya ieu modél *Writing Workshop* téh acan diujicobakeun dina nulis éséy di SMP.

Dumasar pedaran di luhur, panalungtik kataji pikeun nalungtik modél *Writing Workshop* minangka *alternatif* modél pangajaran nulis éséy. Ku kituna, dipiharep bisa ngungkulan masalah siswa dina pangajaran nulis éséy.

Modél *Writing Workshop* dipiharep leuwih ngirut atawa bisa leuwih dipikaresep ku siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung pikeun ngébréhkeun sawangan jeung pamikiranana dina nulis éséy. Ku kituna, dipiharep kaparigelan nulis éséy bakal leuwih ngaronjat.

Dumasar kana masalah-masalah anu geus dijéntrékeun di luhur, panalungtikan ngeunaan “Modél Pangajaran *Writing Workshop* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal nu ditalungtik ngawengku kamampuh nulis éséy siswa saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Writing Workshop*, sarta prak-prakan diajar maké modél pangajaran *Writing Workshop*. Ku kituna, rumusan masalah panalungtikan dipidangkeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*?

- 3) Naha aya béda anu signifikan kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah nu dipedar, ieu di handap dijéntrékeun tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu tujuan panalungtikan téh pikeun nguji atawa ngukur signifikansi modél pangajaran *Writing Workshop* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*;
- 2) kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*; jeung
- 3) beda nu signifikan kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu di handap dijéntrékeun mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis panalungtikan.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeulan jeung ngajembaran cara ngajar pangajaran basa Sunda, hususna modél pangajaran nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh bisa mangpaat pikeun guru, pikeun siswa, pikeun panalungtik sarta pikeun nu maca.

#### 1) Mangpaat pikeun guru

Ngajembaran pangaweruh ngeunaan modél pangajaran, sarta bisa jadi alternatif modél pangajaran dina ngaronjatkeun kualitas diajar-ngajar.

#### 2) Mangpaat pikeun siswa

Bisa jadi modél atawa cara diajar anu ngirut ati sangkan siswa ka motivasi pikeun terus diajar nulis éséy kalawan bener tur merenah.

#### 3) Mangpaat pikeun panalungtik

Panalungtik bisa ngamekarkeun kamampuh dina panalungtikan pangajaran nulis sangkan siswa miboga karep jeung gancang maham prosés nulis karangan ngaliwatan modél pangajaran.

#### 4) Mangpaat pikeun nu maca

Dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh, hususna ngeunaan modél pangajaran *Writing Workshop*.

## 1.5 Sistematika Panulisan

Dina ieu skripsi, sistematika panulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I BUBUKA, medar kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, mangpaat tioritis panalungtikan, mangpaat praktis panalungtikan, jeung sistematika nyusun skripsi. Medar konteks masalah nu ditalungtik.

BAB II ULIKAN TIORI, medar raraga tiori nu ngawengku modél pangajaran, modél pangajaran *Writing Workshop*, tiori nulis, tiori éséy, pangajaran éséy dina

SKKD mata pelajaran basa Sunda SMP/MTs taun 2015/2016, medar panalungtikan saméméhna nu ngawengku prosedur, sumber data jeung hasil panalungtikanana, medar kalungguhan teoritis panalungtikan, sarta hipotésis.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN, medar desain panalungtikan, partisipan dina panalungtikan, populasi jeung sampel panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data panalungtikan sarta analisis data.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN, medar hasil panalungtikan ngeunaan “Modél Pangajaran *Writing Workshop* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX - 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)”.

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI, medar kacindekan ahir tina panalungtikan, implikasi jeung rekomendasi pikeun panalungtikan kahareupna.